

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

RESOUS ENÈJI PWÒP PA W nan Depatman Travay

OFFICE OF JUST ENERGY TRANSITION

Yo te kreye Office of Just Energy Transition (OJET) pou konekte moun kap chache travay ak travayè kap kite sektè enèji fosil la pou ale nan bon kalte travay nan sektè enèji pwòp la grasa amelyorasyon konpetans ak fòmasyon ak yon priorite pou sila yo ki soti nan gwoup ki pa ase reprezante sitou sila yo ki nan Kominote Defavorize. OJET ap ede biznis yo tou nan amelyore konpetans travayè yo nan teknoloji enèji pwòp epi konekte yo ak yon mendev kalifye anmenm tan l ede yo konprann prim travay ak finansman disponib.

KARYÈ NAN ENÈJI PWÒP

Sektè enèji pwòp la gen ladann yon pil ak pakèt djòb ak opsyon karyè pou moun ki gen plizyè kalte konpetans. Kit konpetans oswa esperyans ou gen kounye a se nan konstriksyon, jesyon pwojè, fabrikasyon, oswa ou nouvo sou mache a, gen posiblite pou w kòmanse oswa fè karyè w avanse nan sektè a.

KÈK NAN DJOB YO SE:

- Solè (Elektrisyen, Enjenyè, Vandè)
- Van sou Latè ak Lanmè (Teknisyen Tibin Van, Enjenyè Elektrik, Bòs soudi)
- Chofaj ak Refwadisman (Teknisyen Enstalasyon Ponp Chofaj, Teknisyen Foraj Jeyotèmik, Teknisyen Enstalasyon Sikwi Jeyotèmik)
- Machin Elektrik ak Rechaj (Mekanisyon EV (machin elektrik), Mentenans Estasyon Rechaj EV, Elektrisyen)
- Chofaj Bwa (Reprezantan Vant, Teknisyen Izolasyon & fèmti Lè, travayè nan antretyen bilding.
- Evalyasyon enèji (Teknisyon Efikasite Enèjetik, Asistan Pwogram Efikasite Enèjetik, Enspektè Enèji nan Bilding)

Dekouvri plizyè djòb ak konpetans nesèsè pour djòb sa yo nan tablo bò nou an:

dol.ny.gov/exploring-occupations-green-topic

JAN POU ANTRE NAN SEKTÈ A

Gen yon pil ak pakèt fason pou explore enterè ou yo, konpetans ou ka transfere yo ak opsyon karyè ou nan sektè enèji pwòp la.

Karyè pwofesyonèl nan enèji pwòp soti depi nan filyè san diplòm, san etid siperyè rive nan aprantisaj, fòmasyon nan dyòb la, fòmasyon teknik ak sètifikasyon pou rive nan pwogram fòmasyon tradisyonèl tankou diplòm kolèj, sètifikasyon ak mikwokredi. Fòmasyon nan salklas, apranti oswa fòmasyon nan djòb la kapab prepare w pou yon karyè nan sektè enèji pwòp la.

Si ou deja ap travay nan yon karyè menm jan, men ou vle yon fokis sou enèji pwòp, ou kapab pèfeksyone w ak diplòm.

OPÒTINITE FINANSMAN

Nan Bidjè Eta 2023-24 la, New York Power Authority (NYPA) te angaje jiska \$25 milyon pou ane a pou sipòte inisyativ devlopman mendèv enèji pwòp nan Eta New York, kote se OJET ki pral jere pi fò. Enstiti fòmasyon ki enterese nan finansman sa a ka ranpli fòm enterè nou an ki sou sitbweb nou an.

OU ENTERESE NAN FÈ KARYÈ NAN ENÈJI PWÒP?

Si w enterese nan fòmasyon pou yon karyè nan enèji pwòp, ou kapab vizite sant karyè nan zòn ou pou poze kesyon sou fòmasyon.

Rete enfòm sou dat aktivite ak evenman nou yo, tanpri enskri w nan lis distribisyon nou an nan: dol.ny.gov/office-just-energy-transition-ojet.

Skane Pou aprann plis!

